



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN 32 MILYON DOLA EPI KI LYE AK ATIZAY NAN ITHACA

Devlopman Ithaca Arthaus la genyen ladan l 123 kay nan pri ki abòdab ak espas atistik kominotè nan Distri Cherry Street la

Investisman an ap konplete 'Southern Tier Soaring' – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

W ap jwenn foto pwojè a ki disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke konstriksyon devlopman lojman nan pri abòdab ak sant atistik 32 milyon dola ki fèk fòme nan Distri Cherry Street nan vil Ithaca a fini. Devlopman 123 apatman an ke yo rele Ithaca Arthaus, genyen ladan l etablisman kominotè ki lye ak atizay la epi li ofri 40 kay pou jèn ki nan bezwen sèvis sipò yo pou viv nan fason endepandan.

"Nou angaje nou pou bay aksè nan bon jan kalite kay ki nan pri abòdab, ki bay sipò kote Nouyòkè yo ka viv ak jwe nan kominote yo renmen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ithaca Arthaus se yon devlopman plizyè izaj k ap atire kwasans ekonomik ak kreyatif nan nouvo distri atistik vil la epi pote mezon ki esansyèl nan bri abòdab ki gen sèvis sipò pou sila yo ki bezwen yo."

Ithaca Arthaus fè pati plan ekspansyon Gouvènè Hochul pou fè lojman ki pi abòdab, ekitab epi estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo., plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an genyen ladan l 123 apatman nan pri abòdab ki gen 40 kay ki rezève pou jèn moun ki p ap vyeyi nan pwogram fwaye dakèy yo. Y ap benefisyede sèvis sipò atravè yon pri Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) pou Tompkins Community Action, Inc., ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la jere.

Premye etaj devlopman an genyen de espas - Galri Cherry a ak Estidyo Cherry - pou rezidan yo angaje nan atizay ak aktivite ki lye ak teyat, ak asistans ki soti nan Cherry Arts, Inc., konpayi ki pa pwofi ke Cherry Artspace dirije, ki sitiye toupre nouvo devlopman an. Galri Cherry a ap bay yon espas ekspozisyon pou atizay viayèl ansanm ak ekspozisyon mizik, miltimedya, ak pèfòmans atistik nan estil salon. Estidyo Cherry a ap bay yon espas rankont ak repetisyon pou atelye, pwogram apre lekòl, ak aktivite an gwoup.

Ithaca Arthaus ki sitiye nan Cherry Street sou bò dlo Cayuga Inlet la nan yon ansyen zòn endistriyèl nan anba lavil Ithaca, toupre Estasyon Bis Ithaca ak Greyhound ak plizyè magazen, ki enkli yon kooperativ alimantè, ansanm ak famasi, klinik medikal, enstitisyon finansyè, ak opsyon komès detay.

Mezi pou ENERGY STAR rated windows and appliances, efficient ductless split-system heating and cooling, energy efficient LED lighting, direct metering for electricity, low-flow plumbing fixtures, and building envelope insulation levels 25 percent greater than code requirements.

Finansman Eta a pou Ithaca Arthaus ki koute 32 milyon dola a genyen ladan 4.8 milyon dola nan obligasyon pèmanan enpo egzonere, Kredi Enpo Lojman Federal pou Moun ki Gen Revni Fèb (Federal Low-Income Housing Tax Credits) k ap jenere 10.9 milyon dola nan fon pwòp ak 14 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Devlopè pou Ithaca Arthaus la se Vecino Group.

Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Ithaca Arthaus se yon investisman 32 milyon dola k ap ankre nan nouvo Distri Cherry Street la ak lwaye ki nan pri abòdab, enstalasyon kominote eksepsyonèl atistik, ak sèvis sipò pou anpil jèn moun k ap fè tranzisyon nan premye kay pèmanan, ki estab yo. Nou kontan anpil pou konkretize yon devlopman ki byen ekilibre konsa, epi nou remèsye vil Ithaca, Vecino Group, Cherry Arts, ak tout patnè yo ki pataje vizyon nou pou bati destinasyon anbalavil ki briyan epi pasyonan nan gran eta New York la."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Lojman ki bay sipò bay Nouyòkè ki sanzabri yo sèvis yo bezwen pou rete loje nan fason ki estab. Inite ki bay sipò yo nan Arthaus ap bay jèn adilt yo nan sekirite zòn Ithaca a, mezon ki nan pri abòdab ansanm ak sipò ki vital. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li kontinye fè lojman nan pri abòdab yon priyorite pou administrasyon li a, ki enkli pwojè tankou Arthaus la ki ofri asistans ki sible pou moun ak fanmi pou asire yo rete loje epi reyisi nan kominote a."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Chak moun Ithaca merite gen aksè nan lojman ki an sekirite, nan pri abòdab, men mank investisman istorik la te kreye yon kriz lojman nan kote tankou Ithaca. Mwen fyè ke Kredi Enpo federal pou Lojman pou Revni ki Fèb yo ke mwen te goumen anpil pou pwoteje epi elaji a te founi

plizyè milyon ki nesèsè pou fè plizyè santèn nouvo kay nan pri ki abòdab sa yo yon reyalite. Lojman se yon dwa imen epi m ap kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal pou ede poze fondman nan Ithaca pou yon avni ki pi briyan, 'reyonan' epi ki pi ekitab pou tout rezidan yo."

Senatè Eta a, Tom O'Mara te deklare, "Nou rekonesan pou investisman kontini eta a tankou sa a pou asiste travay ajans lokal ak kominote yo pou sekirize lojman nan pri ki abòdab pou rezidan zòn lan. Ithaca Arthaus, ap amelyore lavi anpil jèn moun ki gen bezwen sèvis sipò yo. Nouvo devlopman lojman an ap fè yon gwo diferans pou rezidan yo epi ede yo viv nan fason endepandan epi nan tout sekirite nan yon kad de kalite pandan y ap kontinye amelyore epi ranfòse tisi kominote lokal la."

Majistra Pwovizwa Ithaca a, Laura Lewis te deklare, "Vil la apresye angajman Vecino pou antreprann pwojè sa, yo te yon patnè ekstraòdinè nan travay pou abòde bezwen pou plis lojman nan pri abòdab nan kominote nou an. Felisitasyon pou ouvèti Arthaus nan Cherry Street. Mwen ta renmen rekonèt sipò finansye esansyèl Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York la bay, ansanm ak motivasyon lokal yo Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tompkins (Tompkins County Industrial Development Agency) lan bay, pou fè pwojè sa yon reyalite."

Rick Manzardo, Prezidan Vecino Group, te deklare, "Ithaca konprann enpòtans atistik nan kominote a. Nou rekonesan pou vil la ak patnè nou yo ki konprann bezwen pou lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ka devlope an wayòm kreyatif epi ki fè Vecino Group konfyans pou fè pati kwasans sa nan fòm Ithaca Arthaus. Pa sèlman rezidan nou yo benefisye de yon kote yo sipòte yo nan kreyasyon ak pataj atizay yo, men kominote a eksperimente tou ekspresyon kè ak enèji kreyatif ka pote nan lavi yo."

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplèman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)